

1. Kecap “AGAMA” (Agama Nusantara).

HA-GAMA (Ha=Hana=kang Hana=Nu Aya=Gusti; jeung Gama=patokan/tatanan)

2. PERCAYA NGAGEM

Sampurasun...

Hapunten Kang Gun.. bilih telat ngawalerna, bari nuju pakepek téa...hehe ☺.

Mar 26, 2014, Gunawan Yusuf Miarsadireja Nyerat :

Kang Agus, naha satiap aliran kapercayaan tiasa dianggap agama ?

-----//----- :

Ngahaturkeun rebu nuhun laksa keti kabingahan, bingah teu aya papadana, pertarosan akang éta kalintang **agungNa**, margi pertarosan ngudag kana perkawis **Pakuan-Pajajaran**, “*naha satiap aliran kapercayaan tiasa dianggap agama ?*”.

Aya Pameunteu LUAR (Extern). Aya Pameunteu JERO (Intern).

Numutkeun Pameunteu LUAR (Extern): jaman kiwari, tikawit anu Ngawasa (Pamarentah) katut Rahayatna, **réana ngarojong** yén kecap AGAMA téh dipaké-na ku 6 ngaran Agama, Hindu, Buda, Islam, Kristen Katolik, Kristen Protestan, Konghucu. Sedengkeun anu boga kecap AGAMA tegesna Bahasa Indonesia (Bahasa Nusantara /IBU Pertiwi) anu mertahankeun kana **CIRI** (identitas, “**Syi’ar**”) + **CARA** (“**Syari’at**”) Hirup Luluhur IBU Pertiwi-na ku jaman kiwari disebutna “ALIRAN” /atawa “SEMPALAN” tina anu 6 ngaran Agama tadi... “/atau singkretis” cénah.

Upami **KANYATAAN** kiwari samodél kitu hatosna IBU+RAMA, Karuhun Luluhur urang baheula téh Primitive, Animisme (Nyembah Roh), Dinamisme (Nyembah Benda, Patung, Batu..jst). Pon kitu dina ngolah (Administrasi Nagara), “ALIRAN” ieu mah teu di kelola ku Mentri AGAMA!!!..., dina hartos **PAMEUNTEUna** kana anu disebut “Aliran” tadi = LAIN AGAMA, /atawa teu kaasup AGAMA.

Pameunteu JERO (Intern) : Jaman kiwari numutkeun penelitian, tikawit Sabang sapai Merauke aya +/- 230an (hapunten bilih lepat) kelompok Masyarakat Adat anu mertahankeun kana **CIRI** (identitas, “**Syi’ar**”) + **CARA** (“**Syari’at**”) Hirup Luluhur IBU Pertiwi-na sesuai Adat Budaya tempatna. Anapon Ciri Ajaran UTAMA salah sawiosna “Ngahortmat ROH /RUH Luluhurna”, Cara Ritualna LAHIRna sapertos Nyasajén, Nyeunget Menyan...dst. Mertahankeun, pangna kitu ogé teu sa-pati di **PERTAHAN**keun, tikawit CIRI+CARA Ajaran Luluhur /Karuhun nana éta, lamun teu KaRASA manpaatna Lahir kalih Batina. Cirining boga=NGAGEM KaPercayaan /KaTeguhan Dirina (teu Luak-Léok=PANCER BUMI).

Janten sok sanaos kunu réa ngajamanan ayeuna Luluhur Nusantara katut anu Mertahankeunnana disebut Primitive, Animisme, Dinamisme, ogé disebutna ngan ukur “ALIRAN”, pikeun dirina moal matak jadi panghalang pikeun Ngagemna.

Anapon elingan /pamahaman kana istilah “ALIRAN” anu dimaksud ku Kang Gun... “**naha satiap aliran kapercayaan tiasa dianggap agama???**”, tah ieu mah **kumaha** ANGGAPAN pamahaman /elingan jalma réa baé...hehe ☺. Upami pamahaman SAJARAH, BAHASA kecap AGAMA, BUDAYA sapuk, **sa-igel, sa-panampian** khusuna Urang Sunda anu PASTÉN Hirup di tatar Pasundan “Poseidon” (Jawa Barat-Banten) sakumaha anu didugikeun ku sim kuring kamari <http://sukapura.files.wordpress.com/2014/03/ageman.pdf> “salah sawios alitna”, kantung gotongroyong merjuangkeun /ngusulkeun kanu keur Ngawasa Nagara (Pamarentah) supaya ka-asup AGAMA, pasti /nyata anu +/- 230 kelompok Masyarakat Adat + “Aliran Kapercayaan-nana” téh **dikelola ku Mentri AGAMA**+Mentri2 lainna, hartina AYA **ADIL** dina ngajalankeun Pancasila ka.1. Ka Tuhanan Yang Maha Esa. Upama geus kitu, hartina....Satiap Aliran Kapercayaan di Nusantara éta Agama. Harti anu AGUNGNA..., IBU+RAMA baheula, Karuhun /Luluhur urang di Nusantara téh geus boga HA-GAMA (Ha=Hana=kang Hana=Nu Aya=**GUSTI**; jeung Gama=Patokan/**TATANAN**), “alias Non Primitive”.

Raména jaman Ayeuna Carita “**ngaran**” AGAMA baheula ajaran Parahu HyangNa :

Ringkesna baé -----Rupi-rupi Generasi Ka-RESI-an-----

Neras Jaman Aki Luhur Mulya (Ki-Sunda) /Aki Tirem+Nini Tirem.

Jaman Salakanagara ku Dewawarman disebut raména jaman Agama Dewa-Dewa

Di India asalna Dewawarman, ku **baturna** disebut raména Agama Hindu

tuluy daratang deui ka Nusantara bari mawa STEMPEL Ajaran Hindu...hehe ☺.

Jaman Tarumanagara disebut raména Agama Budi /Buda. MaTarum...dst.

Jaman Sunda ngawasa disebut raména Agama Sunda

Jaman Galuh ngawasa disebut raména Agama Galuh

Jaman Galuh Hyang Agung disebut raména Agama Galunggung /Elmu Galunggung.

Jaman Galuh Pakuan Pajajaran disebut raména Agama Sunda Pajajaran

Ngaran raména dikaitkeun “dinisbahkeun” kana ngaran TATANAN Nagarana /Tokoh

Sadayana na ogé pada ngajalakeun Ajaran Para-Hyang kawéntar Carita Parahyangan.

Emut deui, euweuh Agama anu teu hadé, Pikukuh Agama Sunda Pajajaran Tabayyun :

<http://sukapura.files.wordpress.com/2013/06/ringkasantabayyun3.pdf>, hal:9.

Rék kusaha deui diperjoangkeun-nana Harkat-Martabat Luluhur téh, lamun lain ku anak-incuna da...keur **Ka-RAHAYU-an Harkat-Martabat Bangsa anak-incuna kénéh**, margi Bangsa Arab-Inggris-India-Cina mah moal merjuangkeun nana!... hehe ☺.

Moal aya kaNYATAan, anu ngaleuwihan Pagawéan. = Gawéan! supaya Nyata!...

Gawé-na! : Sepi-ing pamrih, ramé-ing gawé; Mamayu hayu-ning bawa-na.

Guuuuung Aguuuung... Bral... Prung...Prak...

/^----- | -----_/_

||--Ké...ké... kééé heula ulah jangji rusuh Bral... Prung...Prak..., margi **Tékad** Hana-ing Juangna (Hanjuang)na tacan **Buleud!!!**, hehe ☺... Aya kénéh nyangkérok karémpan-sugan akibat geus réana pamahaman Agama (firqoh2, madzhab2)na boh dina ngaran Islam, Hindu, Buda, Karestén, Konghucu :

||--Naha kudu pindah Agama jadi Agama ngaran Parahyang /Sunda??? **Teu kudu!...**

Lantaran euweuh Agama anu teu hadé!...

||--Naha kudu ngajalankeun Nyasajén???, **Teu kudu!**, ari tacan harti Ilmu-na mah.

||--Naha Agama Luluhur Nusantara téh ajaran Tauhid/Monotéis???,Tauhid = Tunggal.

Parantos dijelaskeun (Tabayyun) dina seratan TABAYYUN-II.

Download : <http://www.box.com/s/6c8dc77cc6f281299951>

||--Naha aya paréntah dina Al-Qur'an kalih Conto /Sunnah Kanjeng Nabi Muhammad SAW dina Merjuangkeun nanjeurkeun nana Ageman Luluhur-na anu parantos Tauhid téh?, supados nalika Bral...Prung...Prak...Hana-ing Juang-na kening Ridha Allah SWT /Ridha GUSTI NU MAHA SUCI, kening Syafa'at Kangjeng Nabi Muhammad SAW, kening sapaat KaRUHun Suci IBU Batari - RAMA Batara béh dituna ti Jajaran PARAHYANG???, Tangtu **AYA**, margi Ajaran Rohmatan Lil'alamin + Kaaffatal-linnas téa.

(*)Anapon Sindir-Silib-Sampir-na dina Al-Qur'an kalih Sajarah Sunnah Nabi-na :

A. QS.Asy-Syuura:13. “*Dia telah mensyari`atkan kamu tentang agama apa yang telah diWasiatkan-Nya kepada Nuh dan apa yang telah Kami wahyukan kepadamu dan apa yang telah Kami wasiatkan kepada Ibrahim, Musa dan Isa yaitu : Tegakkanlah agama (meng-Esakan Tuhan) dan janganlah kamu berpecah belah tentangnya (Ke-Tuhan-an Hyang Maha Esa /Tauhid)...”.*

Upama aya jalma ijjid, ngahalang-halang kantenan ngahina saporantosna nampi penjelasan (Tabayyun) yénta Luluhur Nusantara (**Ngagem Tauhid**), badé pangakuan Agama naon waé (Hindu, Buda, Islam, Kristen, Konghucu) QS.Asy-Syuura:13. “...*Amat berat bagi orang-orang **Musyrik** agama yang kamu seru mereka kepadanya. ...*”. Éta sajatina kaom Musyrik!.

(*)Kumaha Sajarah Sunnah Nabi SAW-na dina **Abad 6-7 Masehi** :

Ringkesna baé : dina Ringkasan Tabayyun-III, hal:5. *SYARI'AT AGAMA.

Download <http://sukapura.files.wordpress.com/2013/06/ringkasantabayyun3.pdf>

B. Papastén Nu Maha Ngatur pikeun nata Nagari Ummul Quro (Al-An'am:92, Asy-Syuura:7). Pikeun **nagarawat** Baitul'Atiq (Rumah Tua-*Imah Kolot*, Al-Hajj:29, Al-Ahajj:33), Tutunggul Patilasan /Atsarna-na IBU **Siti Hajjar**+RAMA **Ibrahim**.

Pamugi Rundayan ieu tiasa ngabantos kana Sajarah ngeunaan Millah Ibrahim :

1.NABI IBRAHIM+SITI HAJAR, 2.NABI ISMA'IL (Ummul-Quro)

\\-----//

1.NABI IBRAHIM+SITI SARAH, 2.NABI ISHAK, 3.NABI YA'QUB, 4.NABI YUSUF

\\-----//

1.NABI IBRAHIM+SITI SARAH, 2.NABI ISHAK, 3.NABI YA'QUB, 4.LEVI (Kakak YUSUF), 5.KOATH, 6.IMRAN, 7.NABI MUSA (TAURAT)-NABI HARUN(Kakak-Adik).

\\-----//

1.NABI IBRAHIM+SITI SARAH, 2.NABI ISHAK, 3.NABI YA'QUB, 4.YAHUDZA (Kakak YUSUF, Asal Kaum YAHUDI), 5.BARES, 6.HASRUN, 7.RAUM, 8.UMMANIZAB, 9.YAUKSAUN, 10.SALMUN, 11.YUAR, 12.UFIZ, 13.ISYA, 14.UWAID, 15.NABI DAUD (ZABUR), 16.NABI SULAIMAN, 17.???-?-???, 18.HEZEKIAH, 19.???-?-???, 20.HELI, 21.MARYAM, 22.ISA (INJIL)

\\-----//

1.NABI IBRAHIM+SITI HAJAR, 2.NABI ISMA'IL, 3.HAIDIR, 4.ARAM, 5.'ADWA, 6.WAZZI, 7.SAMI, 8.ZARIH, 9.NAHITH, 10.MUKSAR, 11.AIHAM, 12.AFNAD, 13.AISAR, 14.DESHAN, 15.AID, 16.AR'AWI, 17.YALHAN, 18.YAHZIN, 19.YATHRABI, 20.SANBIR, 21.HAMDAN, 22.AD-DA'A, 23.'UBAID, 24.'ABQAR, 25.AID, 26.MALKHI, 27.NAHISH, 28.JAHIM, 29.TABILKH, 30.YADLAF, 31.BILDAS, 32.HAZA, 33.NASHID, 34.'AWWAM, 35.OBAL, 36.QAMWAL, 37.BUZ, 38.AWS, 39.SALAMAN, 40.HUMAISI', 41.ADD, 42.ADNAN, 43.MA'AD, 44.NIZAR, 45.MUDAR, 46.ELIAS, 47.MUDRIKAH, 48.KHUZAIMAN, 49.KINANA, 50.AN-NADR, 51.MALIK, 52.FAHR, 53.GHALIB, 54.LU'AY, 55.KA'AB, 56.MURRA, 57.KILAB, 58.QUSAI, 59.'ABD MANAF, 60.HASIM, 61.ABDUL MUTHALIB, 62.ABDULLAH, 63.NABI MUHAMMAD SAW (AL-Quran). Nanjeurkeun Ka-BAITULLAH-an.

C. Adat Budaya /ritual Sa'i (Lari2 kecil) antara bukit Shafa-Marwah yang dilakukan secara turun-temurun oleh keturunan /dzuriat Nabi Isma'il (minoritas), oleh kaum Musyrikin Quraisy yang juga masih dzuriat dari Nabi Ismail + mayoritas ummat Yahudi (tidak seluruhnya) + mayoritas ummat Nasrani (tidak seluruhnya) pada waktu itu dianggap prakték menyimpang "Primitive", dengan Kehadiran Nabi Muhammad dari BANI HASIM selaku penerima WASIAT /AMANAT merawat "Ka'bah /Baitullah" QS.Al-Baqarah:125, bukit Shafa dan Marwah sebagai **Syi'ar**, QS.Al-Baqarah:158. "(*Sesungguhnya Shafaa dan Marwah adalah sebahagian dari syi'ar Allah(Hiyang /Gusti /Tuhan...)*". **SEJARAHnya** adalah untuk mengingat perjuangan **IBU** Siti Hajjar dalam usaha mencari air dengan berlari-lari antara bukit Shafa dan Marwah.

D. Al-An'aam:67. *Untuk tiap-tiap berita (yang dibawa oleh rasul-rasul) ada (tempat letak) terjadinya dan kamu akan mengetahui.*

Benang Merah Indonesia Sebagai Pusat Peradaban Atlantis Dan Negeri Saba'.
[http://ahmadsamantho.wordpress.com/2012/09/05/benang-merah-indonesia-sebagai-](http://ahmadsamantho.wordpress.com/2012/09/05/benang-merah-indonesia-sebagai-pusat-peradaban-atlantis-dan-negeri-saba/)

[pusat-peradaban-atlantis-dan-negeri-saba/](http://ahmadsamantho.wordpress.com/2012/09/05/benang-merah-indonesia-sebagai-pusat-peradaban-atlantis-dan-negeri-saba/) Ini Hipotesis dari **KH Fahmi Basya** dan para Muridnya, mengenai kebenarannya tentu masih harus diteliti lebih lanjut secara komprehensif dan detail. (Red. Ahmad Yanuana Samantho). **Dst...**

Sabagian keturunan Kanjeng Nabi Ibrahim (*Isma'il ti **IBU** Siti Hajar*) ditempatkeun di QS.Ibrahim:37. "...di lembah yang tidak mempunyai tanam-tanaman di dekat rumah Engkau (*Baitullah*) yang dihormati,..."

RAMA Ibrahim+**IBU** Hajar, ISMA'IL->MUHAMMAD->Jazirah Arab-> KA'BAH


Syari'atna →Ka'bah Bersih tina Patung-Patung

RAMA Ibrahim+**IBU** Sarah, DAUD->SULAIMAN->Nusantara-> Candi BOROBUDUR

Syari'atna →Nyieun Patung-patung (Ka-RATU-an /Karaton).

Analisa : Nuduhkeun KARAKTER Dasar Manusa di Dunya dipangaruhan kulingkungan Alamna (Geografisna antara Nusantara jeung Jazirah Arab), ieu ogé salahsawios sabab **bédana** Metode /Cara /Syari'at Agama anu **diterapkeun** ku Rosul-rosul-ParaHiyang diNagarina sewang-sewangan anu tinangtos sadayana ogé Numutkeun **Wahyu** Kersaning Anu Maha Ngatur = Elingan Sanghiyang Darma-Wiséa téa ceuk Ki-SUNDA na mah.

Ash-Shaafaat:83. "Dan sesungguhnya Ibrahim benar-benar termasuk golongannya /pengikutsetianya(Nuh) /(**SYI'AH Nuh**)."



Nabi NUH /NOAH, Kumaha jeung Dimana???...hehehe ☺, aduuuh panjang teuing...urang pungkas waé dugi kadieu heula. Ayeuna mah geura Bral...Prung...Prak...Juangna, WASIATna GALUNGGUNG téa, IBUna Galuh Ratu Sunda (GARUDA) NUSANTARA, ulah nepika **SAJARAH** tinggal dongéngna, TUTUNGGUL tinggal Tugulna, Kabuyutan /Makam-na tinggal Bala-na, nyaaaa pantes di Nagri urang ayeuna barala kalakuan nana, margi réaaa anak-incu-na geus dangka ka **IBU+RAMA**na, ka-asup sim kuring baheula "teu apal téa", moal aya hampura Gusti lamun teu aya hampura **IBU+RAMA** Abdi. Aduuh Ampuun Gustiii, tobat Abdi, puuuun paraluun nyanggakeun bakti Abdi.

Aduuh, hapunteen...hapunteen anu kasuhun Kang Gun... bilih sim kuring Tuter Langkung Saur, pamugi tiasa katampi, kirangna!, éta mah kakirang sim kuring baé...

Rampeees..., Mugi Rahayu Sagung Dumadi.

Baktos _^_ pun Agus Wirabudiman.